

# TINDAK TUTUR MENGINGING DESA WAUNG, KECAMATAN BOYOLANGU, KABUPATEN TULUNGAGUNG

Nurhandriana

Jurusan S1 Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Drs. Sugeng Adipitoyo M.Si.

Dosen Jurusan S1 Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

## ABSTRAK

Panliten tumrap Tindak Tutur wis kerep katindakake dening pamarsudi basa. Nanging panliten kasebut durung ana kang mligi ngrembug Tindak Tutur Menging. Panliten sadurunge ngrembug tindak tutur kang digandhenge karo basa lan kesantunane ing masyarakat daerah tartamtu. Panliten kasebut mung mligi ngandharake ngenani basa lan kesantunan tindak tutur kang diperang miturut umur, jinis kelamin, lan status sosiale. Adhedhasar bab kasebut, underane panliten iki yaiku Apa wae jinise tindak tutur menging adhedhasar lageyane panutur ing masyarakat Desa Waung, Kecamatan Boyolangu, Kabupaten Tulungagung, lan apa wae jinise tindak tutur menging adhedhasar pananggape mitra tutur ing masyarakat Desa Waung, Kecamatan Boyolangu, Kabupaten Tulungagung? Tujuwane paliten iki, yaiku kanggo njlentrehake jinise tindak tutur menging adhedhasar lageyane panutur lan pananggape mitra tutur ing masyarakat desa Waung, kecamatan Boyolangu, kabupaten Tulungagung.

Landhesan teori kang digunakake sajrone panliten iki yaiku teori tindak tutur Brown lan Levinson.. Teori iki njlentrehake yen tindak tutur lan kasantunan ditemtokake kanthi cara kontekstual, sosial, lan kultural sing jangkepe dadi skala (1) jarak sosial; (2) status sosial panutur lan mitra tutur, lan (3) tindak tutur utawa bobot *imposisi*.

Panliten tindak tutur menging iki dilebokake jinis etnografi awit ngrembug basa kang disambungake karo konteks sosial ing masyarakat. Panliten iki asipat dialektif lan deskriptif. Sumber dhatane asale saka cathetan lan rekaman alamiah warga Desa Waung, Kecamatan Boyolangu, Kabupaten Tulungagung lan panliti minangka panutur asli basa jawa. Tatacara nglumpukake dhata kanthi metodhe semak lan guneman. Tatacarane njlentrehake dhata kanthi metodhe kategoris, teks lan konteks. Dene tatacara nyuguhake jlentrehan dhata kanthi deskriptif lan informal.

Jinise TTM adhedhasar lageyane panutur diperang dadi wolu yaiku (1) blaka langsung karena solah bawa,(2) blaka ora langsung karena solah bawa,(3) ora blaka langsung karena solah bawa, (4) ora blaka ora langsung karena solah bawa,(5) blaka langsung karena pocapan,(6) blaka ora langsung karena pocapan,(7) ora blaka langsung karena pocapan, lan(8) ora blaka ora langsung karena pocapan.. Dene jinise TTM adhedhasar pananggape mitratutur ana papat yaiku (1) katampa katindakake, (2) katampa ora katindakake, (3) katampik katindakake lan (4) katampik ora katindakake.

Tembung wigati: tindak tutur menging, lageyane panutur, pananggepe mitratutur lan konteks sosial.

## ABSTRAK

Tindak tutur melarang termasuk tindak tutur direktif yang masih digunakan dan sering dijumpai di masyarakat. Tindak tutur melarang dilakukan oleh panutur untuk mengingatkan dan membenarkan tindakan yang kurang benar dalam masyarakat. Jenis tindak tutur melarang berdasarkan gaya panutur dan respon mitratutur belum pernah diteliti. Dua dasar tersebut mempunyai hubungan dengan referensi, struktur sosial, relasi sosial, norma sosial dan situasi sosial.

Pokok masalah penelitian ini yaitu apa saja jenis tindak tutur melarang berdasarkan gaya panutur dan respon mitratutur di masyarakat Desa Waung, Kecamatan Boyolangu, Kabupaten Tulungagung. Berdasarkan pokok masalah penelitian, tujuan penelitian ini menjelaskan jenis tindak tutur melarang berdasarkan gaya panutur dan respon mitratutur di masyarakat Desa Waung, Kecamatan Boyolangu, Kabupaten Tulungagung. Fungsi teoretis penelitian ini untuk mengembangkan ilmu pragmatik

dan memberi sumbangsih terhadap ilmu sintaksis mengenai kalimat larangan. Fungsi praktis untuk menambah wawasan dengan jelas dan benar mengenai tindak tutur melarang.

Penelitian tindak tutur melarang ini dimasukkan jenis etnografi karena membahas bahasa yang dihubungkan dengan konteks sosial di masyarakat. Penelitian ini bersifat dialektif dan deskriptif. Teori yang digunakan yaitu teori tindak tutur Brown dan Levinson. Data penelitian ini diambil peneliti di lapangan. Sumber datanya berasal dari catatan dan rekaman alamiah warga Desa Waung, Kecamatan Boyolangu, Kabupaten Tulungagung. Tatacara mengumpulkan data dengan metode simak dan cakap. Tatacara menganalisis dhata dengan metode kategoris, teks dan konteks. Tatacara menyajikan analisis dhata dengan deskriptif dan informal.

Jenis tindak tutur melarang berdasarkan gaya panutur dibagi menjadi delapan yaitu (1) terbuka langsung karena tindakan, (2) terbuka tidak langsung karena tindakan, (3) tidak terbuka langsung karena tindakan, (4) tidak terbuka tidak langsung karena tindakan, (5) terbuka langsung karena tuturan, (6) terbuka tidak langsung karena tuturan, (7) tidak terbuka langsung karena tuturan dan (8) tidak terbuka tidak langsung karena tuturan. Jenis tindak tutur melarang berdasarkan respon mitratutur yaitu (1) tindak tutur melarang yang diterima lalu dilakukan, (2) diterima tapi tidak dilakukan, (3) ditolak lalu dilakukan, dan (4) ditolak tidak dilakukan.

#### A. PURWAKA

Tindak tutur menging (sabanjure TTM) yaiku salahsawijine tindak tutur direktif kang isih digunakake ing bebrayan. Panutur ngucapkake tuturan menging marang mitra tutur awit mitra tutur wis nindakake tumindak tartamtu. Lumrahe tumindak sing dilakoni mitra tutur yaiku tumindak sing kurang bener lan ndadekake panutur ora seneng marang tumindake mitra tutur kasebut. Menging kuwi ing bebrayan diwujudake lumantar pocapan (verbal), kanthi ngomongi, ngongkon, lan nuturi mitra tuture.

Masyarakat Jawa dhewe anggone ngandharake TTM nduweni wujud lan tatacara kang beda-beda. TTM blaka lumrahe diucapake panutur kanthi titikan anane tembung panandha "aja", "ora", lan "ndak". Akeh panutur kang medharake menging tanpa nggunakake tembung-tembung panandha. Tuladhane menging tanpa nggunakake tembung panandha yaiku kanthi ukara ngongkon "*Kana Le, sek udan ndang budhalo dolan*". Wujud ukara TTM ing ndhuwur kalebu ukara ngongkon, kamangka kang dimaksudake panutur yaiku menging supaya ora budhal dolan amarga sek udan. Panutur medharake menging marang mitra tuturgumantung konteke. Mula saka iku konteks, tujuwan, kalungguhane panutur lan mitra tutur bakal menahi daya pangaribawa tumrap wujud uga tatarane panutur.

Ing buku-buku paramasastra Jawa isih durung ana kang ngandharake kanthi gamblangngeni ukara pamenging. Buku-buku paramasastra *Javaansche Spraakkunst* (Kiliaan,1919),

*Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa* (Subroto dkk,1991),*Javaansche Spraakkunst* (Prijoheotomo,1937), *Kawruh Paramasastra Jawa* (Subalidinata,1994), *Tipe Kalimat Bahasa Jawa* (Subroto dkk,1987) kang kudune diandharake jebul ora ditemokake jinise ukara pamenging. Dene buku paramasastra kang judhule,*Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa* (S.S.T Wisnu Sasangka, 2001), *Reringkesaning Paramasastra-Djawa* (Antunsuhono, !1956), lan *Sarining Paramasastra Djawa* (W.J.S. Poerwadarminta,1953) mung ngandharake ukara menging kalebu ing sajrone ukara pakon. Ukara menging padha karo ngongkon, mung bedane yen ukara menging sarana diuwuwi tembung "aja".

TTM kalebu tindak tutur kang apik awit bisa ndayani tumindake mitra tutur. TTM diwedharake kanthi cara kang beda-beda gumantung konteks lan panggonan. Ana golongan masyarakat tartamtu sing perlu dipenging kanthi dikormati lan ana golongan masyarakat liya sing bisa dipenging lan diadhepi kanthi cara biasa (Poedjosoedarma, 1979:6).Tatacara ngormati sing diwedharake panutur bakal dicundhukake karo konteks sosial kang ana sacedhake. Wong sugih luwih nduweni kuwasa tinimbang wong mlarat mula bisa milih cara nindakake TTM kanthi bebas. Dene wong mlarat bakal nengenake kumate nalika nindakake TTM utawa nalika nanggapi TTM saka wong sugih. Kaya kang wis dingerteni yen kelompok-kelompok kang beda profesi utawa beda kalungguhan ing masyarakat kerep nggunakake cara sing beda uga (Anwar, 1995:220). Mula saka

iku lageyane panutur lan pananggape mitra tutur sajrone TTM ana sesambungane karo struktur sosial, relasi sosial, norma sosial uga kahanan sosial.

Adhedhasar landhesan panliten sing diandharake, undere panliten iki diperang dadi loro, yaiku (1) Apa wae jinise tindak tutur menging adhedhasar lageyane panutur ing masyarakat Desa Waung, Kecamatan Boyolangu, Kabupaten Tulungagung?, lan (2) Apa wae jinise tindak tutur menging adhedhasar pananggape mitra tutur ing masyarakat Desa Waung, Kecamatan Boyolangu, Kabupaten Tulungagung?

Tujuan panliten iki salaras karo undere panliten, yaiku (1) Njlentrehake jinise tindak tutur menging adhedhasar lageyane panutur ing masyarakat desa Waung, kecamatan Boyolangu, kabupaten Tulungagung.. (2) Njlentrehake jinise tindak tutur menging adhedhasar pananggape mitra tutur ing masyarakat desa Waung, kecamatan Boyolangu, kabupaten Tulungagung.

Panliten iki dikarepake bisa menahi paedah kanggo ilmu basa, mligine basa Jawa. Kanthi teoretis, asil panliten iki diajab bisa migunani kanggo panyengkuyung ngrembakaake basa, mligine ilmu semantik kang ngandharake babagan teges/maksud tindak tutur kang wis ana sadurunge. Saliyane iku uga supaya bisa kanggo nambahi wawasan tumrap ilmu basa (linguistik). Kanthi praktis, asil panliten iki diajab bisa nambah wawasan lan ilmu basa, bisa dadi sarana sinau sing luwih nggampangake mahasiswa, bisa dadi sarana panandhinge materi kuliya nalika dhosen linguistik mulangake bab linguistik basa Jawa, mligine ngenani ilmu semantik babagan teges/maksud tindak tutur.

## B. TINTINGAN KAPUSTAKAN

Tintingan kapustakan ngemot andharan ngenani (1) konsep ngenani tindak tutur menging, (2) jinise tindak tutur menging adhedhasar lageyane panutur, (3) jinise tindak tutur menging adhedhasar pananggape mitratutur, lan (4) teori kanggo landhesane panliten.

### 1. Konsep ngenani Tindak Tutur Menging

Mening yaiku pocapan sing nuduhake sipat perduli marang tumindake wong liya. Menging yaiku menggak utawa *nglarangi* tumindak kang ora bener. Menging dilakoni kanthi tujuan mbenerake samubarang utawa tumindak kang ora trep. Menging dituturake kanthi ngongkon supaya ora nindakake. Searle sajrone Tarigan(2009:43) nglebokake menging klebu ing jinise tindak tutur direktif. Dene Nadar (2009:15) nglebokake menging ing jinis tindak ilokusi direktif. Kanthi dhasar kuwi mula menging kalebu ing tindak tutur direktif.

Tindak tutur direktif yaiku salah siji pamerange tindak tutur ilokusi sing gunane menahi

daya pangaribawa marang mitra tutur kanggo nindakake samubarang. Sakabehe tindak tutur direktif kalebu ing sajrone perangan *kompetitif*. Yaiku dumadi saka perangan ilokusi-ilokusi ing ngendi sopansantun kang negatif dadi samubarang kang wigati.

Tindak tutur menging minangka salah sijine jinis tindak tutur kang nduweni tujuan mrentah utawa ngongkon marang mitra tutur. Mrentah kang dikarepake ing kene yaiku mrentah supaya ora nindakake samubarang. Tindak tutur menging kalebu ing jinise tindak tutur ilokusi direktif. Tindak tutur direktif yaiku jinise tindak tutur kang nduweni tujuan ngasilake daya pangaribawa arupa tumindak sing dilakoni dening panutur. (Searle, ing Chaer 2010:30)

Miturut Poerwadarminta Ing Kamus BaeSastra Djawi, menging dumadi saka tembung lingga penging oleh ater-ater {ma-} kang nduweni teges ngelikake, (nglarangi) murih aja nglakoni. Ing sesrawungane wong Jawa, tembung menging tegese yaiku ngomongi kanthi nglarang (ora ngolehi) nindakake samubarang. Bab iki ngandhut teges yen ngomongi kanthi nglarang (ora ngolehi) iki mujudake tumindak kang nduweni maksud tuturan marang mitra tutur. Wondene ngomongi miturut Poerwadarminta (1937:422) nduweni teges nggunem utawa ngojah. Dene tegesi menging yaiku ngongkon supaya ora nindakake samubarang, kanthi anane jlentrehan ngenani sebab musababe ora oleh ditindakake. Menging nduweni titikan ngongkon aja nindakake. Menging bisa uga ukara nyemoni. Nanging tujuwane menging.

Ukara pamening utawa ukara menging kalebu ing jinise ukara pakon. Menging sejatine padha karo mrentah. Mung bedane yen ukara menging sarana diuwuwi tembung aja, Antunshono(Paramasastra, 131). Dene Sry Satriya Tjatur Wisnu Sasangka ing bukune Paramasastra Gagrag Anyar uga ngandharake yen ukara menging utawa pamening kalebu ing wernane ukara pakon. Ing kene dicethakake yen titikane ukara menging kanggo mbedakake karo ukara mrentah yaiku anane tembung ora utawa aja.

Kanthi jlentrehan saka rong ahli ing ndhuwur bisa didudut yen titikane tindak tutur menging (TTM) yaiku kanthi anane tembung panandha "aja" utawa "ora". Titikan ing ndhuwur digunakake yen tindak tutur menging diwedharake kanthi blaka. Tindak tutur menging uga ana sing anggone medharake kanthi ora blaka tanpa nggunakake tembung panandha kaya ing ndhuwur. Panutur nggunakake cara dhewe-dhewe anggone medharake tuturane gumantung kontekte.

### 2. Jinise Tindak Tutur Menging Adhedhasar Lageyane Panutur

Jinise Tindak Tuter Menging adhedhasar lageyane panutur bisa diperang dadi loro yaiku tatacara medharake lan tatacara sing digunakake. Tatacara sing diwedharake panutur ana loro yaiku kanthi blaka lan ora blaka. Dene tatacara sing digunakake panutur kuwi ngenani panutur mbutuhake wong katelu utawa ora anggone nindakake atur panuwune. Mula saka kuwi tatacara sing digunakake panutur ana loro yaiku langsung lan ora langsung.

Miturut Djajasudarma (1994:65) tatacara blaka nuduhake gunane sajrone kahanan (tumindak) langsung lan literal (jumbuh karo kenyataan). Kanthi paugeran formalitas sintaksis titikane TTM blaka bisa diweruhi anane tembung 'aja' utawa 'ora' utawa 'ndak pareng'. Cara iki kaperang dadi loro yaiku kanthi strategi kesantunan negatif lan strategi kesantunan positif. Strategi kesantunan negatif ngener ing pepenginane manungsa sing pengin diregani lan mbebasake manungsa saka kewajiban nindakake samubarang. Dene strategi kesantunan negatif miturut Brown lan Levinson sajrone Nadar (2009:47) diperang dadi sepuluh, yaiku (1) nuturake kanthi ora blaka cundhuk karo konvensi, (2) takon, berpagar (hedge), (3) andhap asor (*pesimis*), (4) nyuda tumindak meksa, (5) menahi pakurmatan, (6) njaluk pangapura, (7) nggunakake wujud impersonal yaiku tanpa nyebut jenenge panutur lan mitra tutur, (8) ngandharake tumindak ora ngajeni minangka aturan sing wis umum ing bebrayan, (9) mujudake ing angka utawa nominal, (10) ngandharake yen panutur wis menahi kabecikan (nyebutake sumber).

Strategi kesantunan positif ngener ing pepenginane manungsa nalika nindakake samubarang ditampa apik, nyenengake lan pantes diregani (Chaer, 2010:11). Brown lan Levinson sajrone Chaer(2010:53-55) merang strategi kesantunan positif dadi limalas substrategi yaiku (1) nggatekake kasenangan, pepenginan lan kabutuhane mitra tutur, (2) nggedhek-nggedhekake rasa welas, pasarujukan lan nggatekake mitra tutur, (3) nggatekake panutur luwih jeru kanthi nggedhek-nggedhekake kedadayan lan kenyataan, (4) nggunakake celukan kang mligi sing nuduhake anane karakteran saka kelompok tartamtu, (5) nggolek lan ngupaya pasarujukan klawan mitra tutur kanthi cara mbaleni kabeh utawa saperangan tuturan mitra tutur, (6) ngadohi anane beda panemu karo mitra tutur kanthi cara ethok-ethok sarujuk, ngapusi kanggo kabecikan, utawa pamaganan opini, (7) nuduhake perangan-perangan sing dianggep nduweni bab kang padha lumantar abang-abang lambe lan praanggapan, (8) nggunakake guyonan sajrone tuturan, (9) nggawe anggepan yen panutur ngerteni pepenginane mitra

tutur, (10) menahi janji lan nawani samubarang, (11) nuduhake rasa optimis, (12) ngupaya melokake mitra tutur lan panutur ing sawijine tumindak tartamtu, (13) menahi lan njaluk alesan, (14) resiprokalitas utawa nawakake tumindak nampapiwales, lan (15) menahi bebungah (barang, rasa welas, kawigaten) marang mitra tutur.

Tatacara ora blaka mujudake maksud sing diwedharake kanthi ora nggunakake tembung panandha menging. Yule (2006:96) ngandharake yen ana sesambungan ora langsung antarane struktur karo guna sinebut ora blaka. Maksud kuwi sengaja didhelikake ing sawalike rerakite tetembungan utawa ukara kanthi nggatekake konteks tartamtu. Cara ora blaka iki diperang dadi 15 yaiku (1) menahi tandha utawa pituduh, (2) nuduhake pituduh anane panemu sing padha, (3) nggunakake tandha (isyarat), (4) nyilikake, (5) negesake utawa ngluwihake, (6) tautologi (nggunakake tembung sing luwih saka samesthine), (7) nggunakake kontradiksi, (8) kanthi ironi, (9) nggunakake metafora, (10) balik takon, (11) ambiguitas, (12) samar-samar, (13) ngluwih-ngluwihake bab sing biasa, (14) ngganteni mitra tutur, lan (15) nggunakake elipsis. Miturut Brown lan Levinson sajrone Nadar (2009:38), panutur nggunakake tatacara ora blaka iki krana 4 alasan yaiku (1) panutur dipercaya minangka pawongan kang wicaksana lan ora meksa karepe mitra tutur, (2) panutur ngadohi yen saupama dheweke bakal dadi rerasanan wong liya, (3) panutur ngadohi tanggung jawab minangka pawongan kang dianggep ora ngajeni mitra tutur, lan (4) panutur kanthi ora langsung menahi kalonggaran mitra tuture kanggo nggatekake kekarepane.

TTM langsung mujudake wujud deklaratif kang digunakake kanggo nggawe sawijine wedharan. Cara sing digunakake panutur ing kene kanthi medharake kanthi sapajagong karo mitra tutur. TTM langsung iki mujudake TTM kang ditindakake dening panutur langsung marang mitra tuture, tanpa lantaran wong katelu.

TTM ora langsung mujudake wujud direktif kang digunakake kanggo nggawe sawijine panjaluk. TTM ora langsung iki nduweni titikan yaiku anane wong katelu sajrone tuturan. Ateges panutur njaluk tulung marang wong katelu kasebut kanggo medharake apa kang dikarepake dening panutur. Bab iki ora amarga panutur ora bisa medharake kanthi langsung, nanging amarga panutur pancen sengaja milih wujud ora langsung.

### 3. Jinise Tindak Tuter Menging Adhedhasar Pananggape Mitratutur

Wong sing nindakake TTM mesthi nduweni tujuwan TTM kuwi

ditanggapi. Pananggape mitra tutur bisa diperang dadi papat yaiku TTM kang katampa katindakake, TTM kang katampa ora katindakake, TTM kang katampik katindakake, lan TTM kang katampik ora katindakake. Mitra tutur nanggapi lageyane panutur saliyané kanthi cara verbal uga bisa nggunakake kinesik. Tegese kinesik yaiku nampa kanthi obahe awak tanpa nggunakake tuturan. Sumarsono (2013:101) ngandharake yen panutur sarujuk lan mbenerake panemune mitra tutur lumrahe siraha panutur manthuk. Dene panutur kang nampik bakal nggedhegake siraha. Supaya luwih cetha ing ngisor iki diandharake pamerange TTM adhedhasar pananggape mitra tutur.

Pamerange TTM adhedhasar pananggape mitratutur ana papat yaiku katampa katindakake, katampa ora katindakake, katampik katindakake, lan katampik ora katindakake.

Miturut Ibrahim (1993:40-41) mitra tutur nampa TTM saka panutur awit mitra tutur bisa ngrasakake yen panutur bener-bener tulus nindakake TTM. Saliyané kuwi mitra tutur nampa lageyane panutur awit uga pengin ngormati panutur kang wis perduli marang mitra tutur. TTM kang katampa bisa ditiitiki anane tembung “ya” utawa “inggih” lan ukara kang asipat nyarujuki kang bakal dibarengi kanthi anane tumindak.

TTM kang katampa nanging ora katindakake yaiku pananggape mitra tutur kang nampa lan sarujuk marang panutur, nanging ora nindakake apa kang dituturake panutur. Mitra tutur nanggepi lan nampa pengingane panutur kanthi mangsuli “iya” utawa “inggih” lan “manthuk” nanging ora nindakake samubarang kang dipenging.

Miturut Ibrahim (1993:41) TTM kang katampik awit mitra tutur ora ngregani panutur. TTM bisa katampik katindakake lan katampik ora katindakake. TTM katampik katindakake ing kene yaiku pananggape mitra tutur kang ora sarujuk marang panutur, ora menahi wangsulan arupa pasarujukan nanging nindakake apa kang dipenging panutur.

TTM kang katampik ora katindakake yaiku pananggape mitra tutur kang nampik lan ora sarujuk marang panutur, uga ora nindakake apa kang dituturake panutur. Mitra tutur nampik kanthi ora ngreken tuturane panutur

#### **4. Teori kanggo Landhesane Panliten**

Teori sing digunakake ing panliten iki yaiku teori tindak tutur. Dene teori tindak tutur sing digunakake yaiku teori tindak tutur Levinson. Levinson (sajrone Chaer, 2010:64) ngandharake yen tindak tutur lan kasantunan ditemtokake kanthi cara kontekstual, sosial, lan kultural sing jangkepe dadi skala (1) jarak sosial; (2) status sosial panutur

lan mitra tutur, lan (3) tindak tutur utawa bobot *imposisi*. Jarak sosial yaiku adoh cedhake sesambungan antarane panutur lan mitra tutur. Dene sing kalebu jarak sosial kuwi yaiku bedane umur, jinis kelamin lan sosiokultural. Status sosialantarane panutur lan mitra tutur didhasari karo kalungguhan asimetrik. Leech (1983:199) ngandharake yen kalungguhan asimetrik yaiku panutur sing nduweni kalungguhan luwih dhuwur lan kuwasa bisa nggunakake wujud ukara kang akrab. Dene mitra tutur anggane nanggapi panutur mawa wujud ukara kang kurmat. Status sosial luwih nengnake sapa sing luwih kuwasa antarane panutur lan mitra tutur. Dene skala tindak tutur utawa bobot *imposisi* didhasari karo kalungguhan relatif tindak tutur siji karo sijine. Tegese ana tindak tutur sajrone kabudayan tartamtu sing dianggep sopan nanging ing kabudayan sijine ora sopan. Skala kesopanan kasebut gumantung kahanan lan panggonan dumadine tindak tutur.

#### **C. METODHE PANLITEN**

Ing bab iki diandharake ngenani titikane panliten, ubarampene panliten, lan tata carane panliten. Kanthi luwih jangkepe diandharake ing ngisor iki.

##### **1. Titikane Panliten**

Panliten iki kalebu jinis panliten etnografis. Dell Hymes (sajrone Ibrahim 1994:v) ngandharake yen etnografi komunikasi yaiku salah sawijine metodhe kanggo nganalisis panganggone basa lan dialek sajrone budaya tartamtu kang nyinaoni tindak tutur sajrone prastawa tutur lan munjerake konteks. Etnografi komunikasi sing disinaoni yaiku pola-pola tumindak komunikasi sing bisa diamati lan direkam (Ibrahim, 1993:205). Fitch lan Philipsen (sajrone Titscher, 2009:150) nambahi yen etnografi komunikasi sing dirembug yaiku pola-pola tuturan adhedhasar tatacarane lan bisa nggambarake pola panguripan sosial ing masyarakat tartamtu. Semono uga panliten iki bakal njlentrehake pola-pola lan tatacarane TTM sing disambungake karo konteks uga sumber.

##### **2. Ubarampene Panliten**

Ing panliten iki nggunakake ubarampe sing diperang dadi 4, yaiku dhata panliten, sumber dhata panliten, instrumen panliten, lan lokasi. Dhata sajrone panliten iki awujud ukara-ukara TTM kang wis kasil kacathet sawise nyemak lan ngrekam warga Desa Waung, Kecamatan Boyolangu, Kabupaten Tulungagung. Ukara-ukara kang kacathet uga sinartan konteks sosial ing sacedhake.

Dene sumber dhata ing panliten iki asale saka rekaman alamiah warga lan cathetan-cathetan ngenani TTM warga Desa Waung, Kecamatan Boyolangu, Kabupaten Tulungagung. Jumlah warga Desa Waung kabeh ana 4689 wong, jumlah warga

umur bocah ana 489 jiwa. Jumlah warga umur enom ana 973 jiwa. Jumlah warga umur tuwa ana 3407 jiwa. Dumadi saka 2405 warga jinis kelamine lanang lan 2284 warga jinis kelamine wadon. Pakaryane warga ana kang dadi PNS, pengrajin indhustri konveksi, TNI, Polri, peternak, sopir, tani, buruh tani, tukang watu, lan tukang kayu. Pakaryan umume warga Desa Waung, Kecamatan Boyolangu, Kabupaten Tulungagung yaiku tani lan buruh tani. Panliten iki mung nggunakake sampel sangisore 5% saka jumlah populasi.

Instrumen panliten kang digunakake sajroning panliten iki yaiku panliti lan subjek panliten yaiku warga kang nindakake tindak tutur menging. Panliti ing panliten iki minangka instrumen utama. Panliti dadi instrumen utama amarga panliti kang golek dhata, nganalisis dhata, lan nulis panliten iki. Mula saka iku panliti dadi instrumen utama sajroning panliten deskriptif kualitatif. Moleong (2002:19) ngandharake yen panliti sajroning nglumpukake dhata luwih akeh gumantung marang awake dhewe minangka piranti nglumpukake dhata. Panliti bisa mbiji sawijining kahanan lan nduwe kuwasa nemtokake samubarang. Dene subjek kang dianggo sajrone panliten iki yaiku pawongan kang ngandharake konteks-konteks TTM ing Desa Waung, Kecamatan Boyolangu, Kabupaten Tulungagung.

Lokasi panliten iki dipilih ing Desa Waung, Kecamatan Boyolangu, Kabupaten Tulungagung. Pinilihé masyarakat Desa Waung, Kecamatan Boyolangu, Kabupaten Tulungagung dadi objek panliten TTM awit panliti minangka panutur lan warga asli papan kuwi. Kanthi dhasar ing ndhuwur panliti luwih ngerti konteks sosial ing masyarakat kuwi. Masyarakat ing papan kuwi nggunakake basa Jawa kanggo cecaturan padinan. Masyarakat Desa Waung, Kecamatan Boyolangu, Kabupaten Tulungagung dumadi saka saperangan golongan wiwit saka golongan wong sugih, wong mlarat, wong enom, wong tuwa, bocah, wong kang nduwe sesambungan paseduluran, kekancan nganti tangga kang raket lan ora raket.

### 3. Tata Carane Panliten

Panliten iki nggunakake tata cara panliten, yaiku: tata carane ngumpulake dhata, tata carane njlentrehake dhata, lan tata carane nyuguhake asil jlentrehane dhata. Saben tatacara kasebut diandharake luwih jangkep ing ngisor iki.

Tatacara sing dianggo nglumpukake dhata panliten yaiku nggunakake metodhe semak lan metodhe guneman (Sudaryanto, 1986:62 lan 1988:2-9). Diarani metodhe semak awit cara sing digunakake kanggo ngolehake dhata yaiku kanthi cara nyemak pawongan sing nggunakake basa (Mahsun, 2005:92). Mahsun (2005:95) uga

ngandharake yen metode guneman cara sing digunakake kanggo ngolehake dhata kanthi cara cecaturan antarane panliti karo informan lan subjek.

Metode nyemak bisa dileksanakake kanthi limang teknik yaiku teknik sadap, teknik simak libat cakap, teknik simak bebas libat cakap, teknik rekam, lan teknik catat. Teknik-teknik sajrone metode nyemak iki kang bakal digunakake panliti kanggo golek dhata tindak tutur menging warga Desa Waung, Kecamatan Boyolangu, Kabupaten Tulungagung.

Teknik sadap ing kene nduweni teges yen panliti kanggo ngolehake dhata kanthi cara nyadap (ndhelik-ndhelik) wong sing nggunakake basa. Cara iki dilakoni kanthi cara ndhelik-ndhelik nalika ana panutur kang arep nindakake TTM. Teknik semak melu guneman nduweni karep yen panliti melu guneman lan nyemak. Melu ing kene ateges panliti melu omong sajrone cecaturan sinambi nyemak cecaturan kuwi. Dene teknik semak tanpa melu guneman nduweni teges yen panliti mung nyawang sinambi nyemak tanpa melu omong-omongan. Teknik sabanjure yaiku teknik cathet, tegese nyathet sakabehe wedharan nganggo piranti tulis banjur ditulis nggunakake lambang basa utawa aksara. Teknik sing pungkasan yaiku teknik rekam, tegese yaiku ngrekam wedharan nganggo piranti *rekam* lan ora ngowahi proses tumindak basa.

Tatacara njlentrehake dhata yaiku kanthi metodhe kategoris, deskriptif lan distribusional. Metodhe kategoris yaiku njlentrehake dhata kanthi nemokake kategori lan tipe-tipe pocapan. Kategori-kategori pocapan saben basa nduweni guna kang beda, lan akeh-akehe diwatesi ing kahanan tartamtu, utawa nyangkutake watesan-watesan marang sapa sing ngandharake, utawa ing topik apa nalika pocapan diwedharake (Ibrahim, 1994:44). Metodhe deskriptif ing kene tegese yaiku tata cara njlentrehake dhata kanthi nggunakake tembung, dudu angka kang bisa menahi katrangan utawa andharan panliten adhedhasar dhata kang diasilake saka subjek panliten (Azwar, 1998:126). Dene metodhe distribusional yaiku njlentrehake dhata kang arupa basa kanthi nemtokake perangan basa iku dhewe, utawa wujud lan blegere basa kang digunakake.

Saka perangan struktur sosial umur kaperang dadi telu yaiku umur bocah (UB), umur enom (UE) lan umur tuwa (UT). Ing perangan jinis kelamin kaperang dadi loro yaiku jinis kelamin lanang (JKL) lan jinis kelamin wadon (JKW). Dene saka perangan struktur sosial ekonomi kaperang dadi telu yaiku status ekonomi sosial cendhek (SESC), status ekonomi sosial sedheng (SESS), lan status ekonomi sosial dhuwur (SESD). Saka relasi sosial paseduluran dhewe kaperang dadi loro yaiku

relasi paseduluran cedhak (RPC) lan relasi paseduluran adoh (RPA). Ing perangan relasi sosial tangga uga kaperang dadi loro yaiku relasi tangga cedhak (RTC) lan relasi tangga adoh (RTA). Relasi sosial kekancan diperang dadi loro yaiku relasi kekancan raket (RKR) lan relasi kekancan ora raket (RKO). Situasi sosial diperang dadi resmi lan ora resmi. Tandha kang digunakake matesi antarane struktur sosial, relasi sosial, kahanan soziale panutur lan mitra tutur yaiku (1.../2... - 3... :4...). Katrangan tandha kuwi yaiku (1) umur, jinis kelamin lan status ekonomi soziale panutur; (2) umur, jinis kelamin lan status ekonomi soziale mitra tutur; (3) relasi sosial; (4) kahanan sosial.

Tatacara nyuguhake asil saka njlentrehake dhata yaiku kanthi ngandharake asil jlentrehan dhata kang awujud lapuran observasi ngenani jinis-jinis TTM ing masyarakat Desa Waung, Kecamatan Boyolangu, Kabupaten Tulungagung. Dhata-dhata kasebut bisa dijlentrehake kanthi metodhe informal (Sudaryanto, 1993:144). Dhata ing panliten iki mung nggunakake metodhe informal. Dene metodhe informal yaiku ngandharake dhata kanthi nggunakake basa. Dhasar sing digunakake yaiku lageyane panutur lan pananggape mitra tutur kanthi landhesan sumber uga konteks sosial. Dhata sing wis digolongake banjur disuguhake kanthi jangkep antarane teks lan konteks. Teks arupa wedharan TTM yaiku tumindak cecaturan antarane panutur lan mitra tutur. Dene konteks sosial sing dijlentrehake kuwi ngenani struktur sosial, relasi sosial, norma sosial, lan kahanan sosial. Miturut Malinowski (sajrone Titscher, 2009:153) konteks ing panliten etnografis dianggep penting banget awit konteks ing kene ora mung konteks linguistik lan konteks situasional nanging uga ekspresi solahbawane awak.

#### **D. ANDHARAN LAN JLENTREHANE PANLITEN**

Bab iki ngemot asile panliten adhedhasar undere panliten sing wis diandharake sadurunge. Bab iki kaperang dadi loro, yaiku (1) andharan lan jlentrehane panliten lan (2) dhiskusi asile panliten. Luwih jangkepe bisa diwaca ing ngisor iki.

##### **1. Andharane lan Jlentrehane Panliten**

Andharan lan jlentrehane panliten iki diperang dadi loro yaiku jinise tindak tutur menging adhedhasar lageyane panutur, lan jinise tindak tutur menging adhedhasar pananggape mitratutur.

##### **a. Tindak Tutur Menging Adhedhasar Lageyane Panutur**

TTM adhedhasar lageyane panutur kena daya pangaribawa saka sumber. Sumbere TTM adhedhasar proses sosial diperang dadi loro yaiku pocapan lan solah bawa. Jinise TTM adhedhasar

lageyane panutur diperang dadi loro yaiku tatacarane panutur medharake lan tatacara sing digunakake panutur. Tatacarane medharake panutur diperang dadi loro yaiku blaka lan ora blaka. Dene tatacara sing digunakake panutur diperang dadi loro yaiku langsung lan ora langsung. Rong pamerang kuwi banjur ditempukake lan asile dadi wolung jinis. Wolung jinis sing ditempukake kuwi yaiku blaka langsung karena solah bawa, blaka ora langsung karena solah bawa, ora blaka langsung karena solah bawa, ora blaka ora langsung karena solah bawa, blaka langsung karena pocapan, blaka ora langsung karena pocapan, ora blaka langsung karena pocapan, ora blaka ora langsung karena pocapan. Jinis kang wis ditempukake kuwi banjur dadi dhasar kanggo ngandharake lan njlentrehake dhata ing ngisor iki.

##### **1) Tindak Tutur Menging Blaka Langsung karena Solahbawa**

TTM blaka langsung karena solahbawa iki ditindakake dening panutur apa anane tanpa abang-abang lambe, mawa abang-abang lambe lan langsung marang mitra tuture.

(1) P :Sampean aja turu bengi-bengi ya cah bagus! Mesakne Ibuk.

MT : (ora ana wangsulan), pancet lungguh ing ngarep tipi karo ndeleng tipi.

(UE-JKW-SESS/ UB-JKL-SESS-RPC)

Tuturan TTM (1) ing ndhuwur dituturake dening panutur kang umure enom, jinis kelamin wadon, status ekonomi soziale sedhengan. Mitra tuture yaiku pawongan kanthi umur bocah, jinis kelamin lanang, status soziale sedhengan. Sesambungan antarane panutur lan mitra tuture yaiku paseduluran kang cedhak banget.

Panutur nindakake TTM sawise meruhi mitra tutur ndeleng tipi wae, padahal kahanane wis bengi. Kedadeyan kuwi dumadi ing ngomah lan ditindakake dening bulike marang ponakane lanang. Tatacara sing digunakake yaiku blaka lan langsung. Tatacara blaka kuwi dituduhake kanthi wujud tembung panandha *aja* tanpa ana abang-abang lambe. Wujud ukara ing TTM kuwi yaiku ukara pakon. Panutur nggunakake cara blaka awit ngadohi salah tampa. Supaya mitra tutur kang isih bocah bisa mangerteni maksude panutur. Anane status ekonomi sosial kang padha ndadekake panutur lan mitra tutur ora ana jarak, ndadekake basa kang digunakake panutur yaiku basa ngoko padinan. TTM kuwi kalebu cara langsung awit anggongone medharake ora nggunakake sarana wong liya.

##### **2) Tindak Tutur Menging Blaka Ora Langsung karena Solah Bawa**

TTM blaka ora langsung karena salah bawa iki ditindakake dening panutur apa anane tanpa abang-abang lambe, mawa abang-abang lambe lan ora langsung marang mitra tuture.

- (18) P : Yun, omongana anakmu aja penekan neng wit dhondhonge Mbah Pini!  
MT : Hla nyapo hlo?  
P : Jare enek sing nunggoni, gek anakmu lek bedhug mesthi dolanan neng kono.  
MT : Iya, mengko lek mulih tak omongane Sur.  
(UT-JKW-SESS/UT-JKW-SESS-RTC)

Tuturan TTM (18) ing ndhuwur dituturake dening panutur kang umure tuwa, jinis kelamin wadon, status ekonomi soziale sedhengan. Mitra tuture yaiku pawongan kanthi umur tuwa, jinis kelamin wadon, status soziale sedhengan. Sesambungan antarane panutur lan mitra tuture yaiku tangga cedhak. Panutur yaiku tangga mburi omahe mitra tutur.

Tatacara sing digunakake yaiku blaka lan ora langsung. Tatacara blaka kuwi dituduhake kanthi wujud tembung panandha *aja* tanpa ana abang-abang lambe. Wujud ukara ing TTM kuwi yaiku ukara pakon. Panutur nggunakake cara blaka awit ngadohi salah tampa. Supaya mitra tutur bisa mangerteni maksude panutur. Anane status ekonomi sosial kang padha ndadekake basa kang digunakake panutur bisa luwih dingerteni mitra tutur. Basa kang digunakake panutur yaiku basa ngoko, amarga kalorone nduweni sesambungan kang cedhak. TTM kuwi kalebu cara ora langsung awit anggone medharake nggunakake sarana wong liya. Panutur nindakake TTM nalika meruhi anake mitra tutur kang senengane penekan ing wit dhondhonge tanggane kang angker. Panutur ngomongi mitra tutur supaya menging anake dolanan ing cedhak wit dhondhong kasebut. Kedadeyan iku dumadi ing ngarep omah, ditindakake dening Surti marang tangga cedhake sing jenenge Yuni.

### 3) Tindak Tutur Menging Ora Blaka Langsung karena Solah Bawa

TTM ora blaka langsung karena salah bawa iki ditindakake dening panutur tanpa tembung panandha lan langsung marang mitra tuture.

- (25) P : Kono, tutugna lekmu koceh, bocah senengane kok koceh. Lek awake ra penak ngko sambat  
MT : Iyo iyo buk, sek arep mentas kok iki.  
Konteks: P minangka ibune MT menging MT supaya ora koceh wae, kahanan yen MT

dolanan banyu, bengine mesthi awake ora kepenak.

(UT-JKW-SESS/ UB-JKL-SESS-RPC)

Tuturan TTM (25) dituturake dening panutur kanthi umur tuwa, jinis kelamin wedok lan status ekonomi sosial sedhengan. Mitra tuture kanthi umur bocah, jinis kelamin lannag lan status ekonomi sosial sedhengan. Panutur lan mitra tutur nduweni relasi sesambungan paseduluran kang cedhak banget. Dene kahanan sosial ing tuturan kuwi yaiku kahanan ora resmi.

Ing tuturan (25) panutur nindakake TTM sawise meruhi mitra tuture dolanan banyu lan koceh suwi ing jedhing. Panutur menging mitra tutur supaya ora koceh amarga kaya sing wis dumadi sadurunge yen mitra tutur koceh mesthi sawise kuwi mitra tutur lara. Mula saka kuwi sumber ing tuturan (25) kalebu sumber salah bawa. Kedadeyan kuwi dumadi ing omahe panutur. Tatacara sing digunakake yaiku ora blaka langsung. Panutur nindakake TTM ora blaka kanthi ngongkon mitra tuture supaya tumindak apa kang arep ditindakake, nanging panutur nduweni maksud menging. Wujud ukara TTM kalebu ukara carita lan pakon. TTM iki ditindakake kanthi langsung awit anggone medharake ora nggunakake sarana wong liya.

### 4) Tindak Tutur Menging Ora Blaka Ora Langsung karena Solah Bawa

TTM ora blaka ora langsung karena salah bawa iki ditindakake dening panutur tanpa tembung panandha lan ora langsung marang mitra tuture utawa nggunakake sarana wong liya kanggo medharake tuturan menging.

- (33) P : Hla iya omongana kana anakmu, kon nerus-nerusne lek dolan wae!  
Ben ora munggah ngko.  
MT : Wis kesel ngandhani Pak.  
Konteks : P omong-omongan karo MT ngenani anake kang senengane dolan, ora tau sinau.

( UT-JKL-SESS/ UT-JKW-SESS-RPC)

Tuturan TTM (33) dituturake dening panutur kanthi umur tuwa, jinis kelamin lanang lan status ekonomi sosial sedhengan. Mitra tuture kanthi umur tuwa, jinis kelamin wadon lan status ekonomi sosial sedhengan. Panutur lan mitra tutur nduweni relasi sesambungan paseduluran kang cedhak banget. Panutur minangka bojone mitra tutur. Dene kahanan sosial ing tuturan kuwi yaiku kahanan ora resmi.

Ing tuturan (33) panutur nindakake TTM sawise meruhi anake dolan wae ora gelem sinau. Panutur ngongkon mitra tutur kang minangka bojone dhewe supaya menging anake dolan. Sumber ing tuturan (33) kalebu sumber salah bawa.



Kedadeyan kuwi dumadi ing omahe panutur. Tatacara sing digunakake yaiku ora blaka ora langsung. Panutur nindakake TTM ora blaka kanthi ngongkon. Wujud ukara TTM kalebu ukara pakon. TTM iki ditindakake kanthi ora langsung awit anggone medharake nggunakake sarana wong liya kanggo medharake kepinginane panutur

##### 5) **Tindak Tutur Menging Blaka Langsung karena Pocapan**

TTM blaka langsung karena pocapan iki ditindakake dening panutur apa anane tanpa abang-abang lambe, mawa abang-abang lambe lan langsung marang mitra tuture.

(38) MT :Mi, aku mengko bar magrib arepe metu

P :Ngko lek metu mulihe aja bengi-bengi hlo!

MT :Nggih Mi.

(UT-JW-SESS/UE-JKW-SESS-RPC)

Tuturan TTM (38) dituturake dening panutur kanthi umur tuwa, jinis kelamin wadon, lan status ekonomi sosial sedhengan. Mitra tuture kanthi umur enom, jinis kelamin wadon lan status ekonomi sosial sedhengan. Panutur lan mitra tutur nduweni relasi paseduluran cedhak. Dene kahanan sosial ing tuturan kuwi yaiku kahanan ora resmi.

Sumber saka TTM kuwi kalebu pocapan, awit kang njalari panutur menging mitra tuture yaiku pocapan utawa omongane mitra tutur kang pamit arepe dolan. Kedadeyan kuwi dumadi ing omah. Tatacara sing digunakake yaiku blaka lan langsung. TTM diwujudake kanthi tembung panandha *aja*. Wujud ukara ing TTM kuwi yaiku ukara pakon. TTM kuwi uga nggunakake cara langsung awit anggone medharake ora nggunakake sarana wong liya nanging langsung marang wong sing dituju. Panutur nggunakake cara blaka awit nduweni karakteretan ing sesambungan paseduluran.

##### 6) **Tindak Tutur Menging Blaka Ora Langsung karena Pocapan**

TTM blaka langsung karena pocapan iki ditindakake dening panutur apa anane tanpa abang-abang lambe, mawa abang-abang lambe lan ora langsung marang mitra tuture utawa panutur nggunakake sarana wong liya kanggo medharake tuturane.

(46) P : Din, omongana bapakmu lek ngampiri aku aja bengi-bengi ya.

MT : Hla wingi ngendikane bapak priipun hlo Pak Yis?

P : Omonge bar isya', tapi ngko lek awakmu mulih omonga bapakmu aja bengi-bengi. Ba'da magrib ae ya!

MT : Nggih Pak, mangke kula sampekne.

(UT-JKL-SESD/ UE-JKL-SESS-RTC)

Tuturan TTM (46) dituturake dening panutur kanthi umur tuwa, jinis kelamin lanang lan status ekonomi sosial dhuwur. Mitra tuture kanthi umur enom, jinis kelamin lananglan status ekonomi sosial sedhengan. Panutur lan mitra tutur nduweni relasi tangga cedhak. Dene kahanan sosial ing tuturan kuwi yaiku kahanan ora resmi.

Ing tuturan (46) panutur nindakake TTM sawise oleh telpun yen bapake mitra tuturarep mara ing omahe panutur bubar isya'. Banjur panutur micara marang mitra tutur kang kerja ing omahe supaya ngandhani bapake yen aja oleh mara bar isya' nanging bar magrib. Sumber ing TTM (46) kalebu sumber pocapan. Kedadeyan kuwi dumadi ing omahe panutur. Tatacara sing digunakake yaiku blaka tanpa abang-abang lambe lan ora langsung. Tatacara blaka tanpa abang-abang lambe kuwi dituduhake kanthi wujud tembung panandha *aja*. Wujud ukara TTM kalebu ukara carita lan pakon. TTM kuwi kalebu nggunakake cara ora langsung awit anggone medharake nggunakake sarana wong liya.

##### 7) **Tindak Tutur Menging Ora Blaka Langsung karena Pocapan**

TTM ora blaka langsung karena pocapan iki ditindakake dening panutur tanpa tembung panandha lan langsung marang mitra tuture.

(51) P : Kok panggah ngrumpi ae ya, ngko lek ra mari-mari garapane (karo mlaku-mlaku ing cedhake karyawan)

MT : Ora ana sing semaur, meneng dhewe-dhewe, padha awit njahit maneh

Konteks : Ing konveksian nalika ora enek bose karyawane sing enom-enom padha ngrumpi. banjur diseneni asisten bos.

(UT-JKW-SESD/ UE-JKW-SESS-RTA)

Tuturan TTM (51) dituturake dening panutur kanthi umur tuwa, jinis kelamin wadon, lan status ekonomi sosial dhuwur. Mitra tuture kanthi umur enom, jinis kelamin wadon lan status ekonomi sosial sedhengan. Panutur lan mitra tutur nduweni relasi tangga adoh. Dene kahanan sosial ing tuturan kuwi yaiku kahanan ora resmi.

Sumber saka TTM kuwi kalebu pocapan, awit kang njalari panutur menging mitra tuture yaiku pocapan utawa omongane mitra tutur kang nggruwis wae lan ngejak omong kanca-kancane, kahanane mitra tutur iku lagi kerja, mangka saka kuwi panutur menging mitra tutur supaya ora omong wae. Kedadeyan kuwi dumadi ing konveksian. Tatacara sing digunakake yaiku ora

blaka lan langsung. TTM diwujudake tanpa anane tembung panandha. Wujud ukara ing TTM kuwi yaiku ukara pakon. TTM kuwi uga nggunakake cara langsung awit anggane medharake ora nggunakake sarana wong liya nanging langsung marang wong sing dituju. Panutur nggunakake cara ora blaka supaya mitra tutur ora rumangsa isin marang kanca-kancane.

#### 8) **Tindak Tutur Menging Ora Blaka Ora Langsung karena Pocapan**

TTM ora blaka ora langsung karena pocapan iki ditindakake dening panutur tanpa tembung panandha lan ora langsung marang mitra tuture utawa nggunakake sarana wong liya kanggo medharake tuturan menging.

(55) P : Hla iya anakmu kok pinter misuh, sapa sing marai? Mbok dikandhani

MT : Melu-melu tangga- tangga nggriya kidul ngrika paling Pak.

P : Senenana mumpung durung kadhung.

MT : Inggih, Pak.

Konteks : P micara marang MT nalika meruhi anake MT pinter misuh, P ngongkon MT supaya menging anake misuh.

(UT-JKL-SESD/ UE-JKL-SESS-RPC)

Tuturan TTM (55) dituturake dening panutur kanthi umur tuwa, jinis kelamin lanang, lan status ekonomi sosial dhuwur. Mitra tuture kanthi umur enom, jinis kelamin lanang lan status ekonomi sosial sedhengan. Panutur lan mitra tutur nduweni sesambungan paseduluran kang cedhak. Panutur minangka bapake mitra tutur Dene kahanan sosial ing tuturan kuwi yaiku kahanan ora resmi.

Sumber saka TTM kuwi kalebu pocapan, awit kang njalari panutur menging mitra tuture yaiku pocapan utawa omongane anake mitra tutur kang pinter misuh. Panutur micara marang mitra tutur supaya ngomongi anake lan menging anake supaya ora kulina misuh. Kedadeyan kuwi dumadi ing omah. Tatacara sing digunakake yaiku ora blaka lan ora langsung. TTM diwujudake kanthi ngandhani mitra tuture kanthi ora blaka. Wujud ukara ing TTM kuwi yaiku ukara pakon. TTM kuwi uga nggunakake cara ora langsung awit anggane medharake kepinginane panutur nggunakake sarana wong liya, ora langsung marang wong sing dituju. Panutur nggunakake cara ora blaka amarga ngedohi salah tanpa.

#### b. **Tindak Tutur Menging Adhedhasar Pananggape Mitratutur**

Pananggape mitra tutur kuwi bisa katampa nindakake, katampa ora nindakake, katampik nindakake, lan katampik ora nindakake. Dhasar kanggo meruhi pananggape mitra tutur yaiku saka lageyane panutur. TTM kang katampa yaiku pananggape mitra tutur kang sarujuk lan nampa lageyane panutur banjur nindakake apa kang dituturake.. TTM kang katampa ora nindakake yaiku pananggape mitra tutur kang sarujuk lan nampa lageyane panutur nanging ora ditindakake. TTM kang katampik katindakake yaiku pananggape mitra tutur kang ora menahi kejelasan nanging nindakake tuturane panutur. TTM kang katampik ora nindakake yaiku pananggape mitra tutur kang nampik lan ora nindakake tuturane panutur. Mula saka kuwi ing ngisor iki diandharake lan dijlentrehake pananggape mitratutur tumrap lageyane panutur.

#### 1) **Tindak Tutur Menging Blaka Langsung karena Solahbawa kang Katampa Katindakake.**

TTM kang katampa katindakake yaiku pananggape mitra tutur tumrap lageyane panutur kang nampa lan sarujuk, banjur nindakake pingingane panutur. Lumrahe TTM kang katampa bisa dititiki kanthi panandha “iya”, “inggih”lan ukara kang isine nyarujuki lageyane panutur. TTM kang katampa kanthi kinesik bisa dititiki kanthi meruhi mitra tutur kang age-age budhal nindakake lageyane panutur.

(2) P : Sikilmu reged, aja mlebu omah liwat kene!

MT : Aku arep isuh neng njeding.

P : Tas udan-udanan ngono kok, liwat lor omah ae!

MT : Iya, bukaken lawange laknu!

(UE-JKW-SESS/UB-JKL-SESS-RPC)

#### 2) **Tindak Tutur Menging Blaka Langsung karena Solahbawa kang Katampa ora Katindakake**

TTM kang katampa ora katindakake yaiku pananggape mitra tutur tumrap lageyane panutur kang nampa lan sarujuk, nanging ora nindakake pingingane panutur. Lumrahe TTM kang katampa ora katindakake bisa dititiki kanthi panandha “iya”, “inggih”lan ukara kang isine nyarujuki lageyane panutur. Nanging ora dibarengi karo tumindak. Mitra tutur mung nampa lageyane panutur kanthi pocapan nanging ora ditindakake kanthi kinesik.

(5) P :Nin, aja lek panggah hp-hpnan! Gek ndang sholat kana!

MT :Nggih kung, sek nggenteni mati.(nerusne lek dolanan)

(UT-JKL-SESS/UB-JKW-SESS-RPC)

Dhata kasebut kalebu TTM kang katampa nanging ora katindakake. Lageyane panutur sing ditampa nanging ora katindakake dening mitra tutur yaiku TTM blaka langsung karena solahbawa. Dhata kabeh kuwi ditampa kanthi panandha “inggih” nanging ora katindakake utawa ora dibarengi salah bawa nindakake pangingane panutur.

### 3) Tindak Tutur Menging Blaka Langsung karena Solahbawa kang Katampik Katindakake

TTM kang katampik katindakake yaiku pananggape mitra tutur tumrap lageyane panutur kang nampik lan ora sarujuk, nanging nindakake pangingane panutur. Lumrahe TTM kang katampik katindakake bisa dititiki kanthi salah bawa meneng, ora semaur, nanging nindakake lageyane panutur. Mitra tutur ora menahi wangsulan kanthi pocapan, nanging nindakake kanthi salah bawa.

- (4) P : Adhek ndak pareng ngoten, ndak nduwe duga, ayo lungguh!  
MT : Mrengut, banjur lungguh.  
(UT-JKW-SESD/UB-JKL-SESD-RPC)

Dhata kasebut kalebu TTM kang katampik nanging katindakake. Lageyane panutur sing ditampik nanging banjur katindakake dening mitra tutur yaiku TTM blaka langsung karena solahbawa. Dhata kabeh kuwi ditampik kanthi ora menahi wangsulan “iya” utawa “nggih” marang panutur, nanging nindakake lageyane panutur kang menging dheweke.

### 4) Tindak Tutur Menging Blaka ora Langsung karena Solahbawa kang Katampa Katindakake

TTM blaka ora langsung karena solahbawa kang katampa katindakake yaiku pananggape mitra tutur tumrap lageyane panutur kang nampa lan sarujuk, banjur nindakake pangingane panutur. Lumrahe TTM kang katampa katindakake bisa dititiki kanthi panandha “nggih” banjur dibarengi salah bawa nindakake apa kang dikarepake panutur.

- (18) P : Yun, omongana anakmu aja penekan neng wit dhondhonge Mbah Pini!  
MT : Hla nyapo hlo?  
P : Jare enek sing nunggoni, gek anakmu lek bedhug mesthi dolanan neng kono.  
MT : Iya, mengko lek mulih tak omongane Sur.  
(UT-JKW-SESS/UT-JKW-SESS-RTC)

Dhata kasebut kalebu TTM kang katampa lan katindakake. Lageyane panutur sing katampa lan katindakake dening mitra tutur yaiku TTM blaka ora langsung karena solahbawa. Dhata kabeh

kuwi ditampa kanthi nggunakake tembung panandha “iya” lan “nggih” lan nindakake apa kang dikarepake panutur.

## 2. Dhiskusi Asile Panliten

Lageyane panutur ditemtokake dening sumber. Sumbere TTM diperang dadi loro yaiku solahbawa lan pocapan. Sumber kang karena salah bawa yaiku arupa tumindak kang ora pener tumrap panutur. Dene sumber karena pocapan sing ditemokake yaiku ngrasani, omongan rusuh, lan pocapan mitatutur kang ore trep tumrape panutur.

Lageyane panutur kang sumbere salah bawa lan pocapan kasebut bisa diperang maneh miturut tatacara medharake yaiku blaka, ora blaka, langsung, lan ora langsung. Lageyane panutur kang blaka lan langsung akeh-akehe diwedharake tanpa abang-abang lambe. Yaiku langsung tumuju marang mitra tuture, tanpa anane samubarang kang disingidake. Lageyane panutur kang blaka ora langsung diwedharake kanthi abang-abang lambe. Lageyane panutur kang ora blaka langsung akeh-akehe diwujudake kanthi ukara ngongkon, tanpa abang-abang lambe. Dene lageyane panutur kang ora blaka ora langsung diwedharake kanthi ngongkon lan nggunakake abang-abang lambe.

TTM blaka tanpa abang-abang lambe kerep digunakake panutur sing nduweni relasi sosial utawa sesambungan sosial cedhak lan raket. Relasi sosial kang raket utawa cedhak ing panliten iki yaiku sedulur cedhak, kanca raket, lan tangga cedhak. TTM blaka tanpa abang-abang lambe iki nduweni drajat kasantunan kang cendhek. Bab iki cundhuk karo panemune Chaer (2010:69) yen saya cedhak sesambungan sosial antarane panutur lan mitra tutur mula saya kurang santun tuturan kasebut. TTM blaka tanpa abang-abang lambe ditindakake dening panutur sing nduwe struktur ekonomi sosial dhuwur marang mitra tutur kang nduweni struktur ekonomi sosial sing luwih cendhek. Pawongan kang kerep nindakake TTM blaka tanpa abang-abang lambe yaiku wong wadon. Dene panutur kang nduweni status ekonomi sosial kang luwih cendhek akeh-akehe nggunakake cara ora blaka kanthi abang-abang lambe. Panutur nggunakake cara iki kanggo ngormati mitra tuture kang luwih dhuwur. Panutur wadon luwih akeh nindakake TTM kanthi langsung. Dene TTM ora langsungakehe-akehe ditindakake dening wong lanang kang nduweni status ekonomi sedhengan.

Jinis TTM adhedhasar pananggape mitra tutur ana papat yaiku TTM kang katampa katindakake, katampa ora katindakake, katampik katindakake, lan katampik ora katindakake. TTM

adhedhasar pananggape mitra tutur kuwi ditemtokake dening lageyane panutur. Panutur kang nggunakake cara blaka langsung tanpa abang-abang lambe saperangan gedheditampa kanthi ditindakake dening mitra tutur. Panutur kang nggunakake cara ora blaka langsung bisa katampa katindakake lan katampik katindakake. Panutur kang nggunakake cara ora blaka ora langsung akeh-akehe katampik ora katindakake. Mitra tutur nggunakake cara *kinesik* nalika nampa utawa nampik yen sumber TTM yaiku solahbawa. Mitra tutur kang nampa utawa nampik TTM mung nggunakake cara verbal yen sumber TTM kuwi pocapan. TTM kang katampa katindakake lumrahe ditindakake mitra tutur sing nduweni status ekonomi sosial cendhek lan sedhengan, relasi sosial adoh, umur enom lan umur tuwa. TTM kang katampa ora katindakake lumrahe ditindakake mitra tutur sing nduweni status ekonomi sosial sedhengan, jinis kelamin lanang, umur enom lan umur tuwa relasi sosial cedhak. TTM kang katampik katindakake lumrahe ditindakake mitra tutur sing nduweni umur enom, relasi sosial adoh, jinis kelamin lanang lan wadon. TTM kang katampik ora katindakake lumrahe ditindakake mitra tutur sing nduweni status ekonomi sosial sedhengan lan dhuwur, relasi sosial cedhak, umur bocah lan umur tuwa. Panliten iki uga ngasilake anane ukara menging kang ukarane bisa awujud tembung, frasa lan klausa. Dene teks ing TTM ditemtokake dening konteks.

### c. PANUTUP

Panliten ngenani Tindak Tutur Menging adhedhasar lageyane panutur lan pananggape mitra tutur kanthi sumber pocapan lan solahbawa isih durung diteliti kanthi cetha. Isih akeh bab-bab ngenani kesantunan basa sajrone tindak tutur menging kang durung diteliti. Dhata sing kurang jangkep lan bab-bab liya njalari panliten iki isih adoh saka tembung sampurna. Ing kene panliti rumangsa yen panliten iki isih akeh kurange. Mula saka kuwi Tindak Tutur Menging isih perlu dirembakakake supaya luwih sampurna.

### KAPUSTAKAN

Alwasilah, Chaedar. 1990. *Sosiologi Bahasa*. Bandung: Angkasa  
 Alwasilah, Chaedar. 1993. *Pengantar Sosiologi Bahasa*. Bandung: Angkasa  
 Antunshono..... *Reringkesaning Paramasastra Djawa*. Jogjakarta: Soejadi  
 Azwar, Saifuddin. 1998. *Metode Penelitian*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar  
 Brown, Penelope dan S.C. Levinson. 1978. *Politeness: Some Universals in Language Usage*. Canbridge University Press

Chaer, Abdul. 2010. *Kesantunan Berbahasa*. Jakarta: Rineka Cipta  
 Cummings, Louise. 1999. *Pragmatik Sebuah Perspektif Multidisipliner (Jarwan)*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar  
 Darmawati. 2002. "Tindak Tutur Ngrasani di pasar Tradisional Caruban (Kajian Analisis Wacana)". (skripsi tidak diterbitkan). Surabaya: Jurusan PBD-FBS-Unesa  
 Ditya, Hendrik Wahyu. 2012. "Tindak Tutur Nyemoni ing Masyarakat Kecamatan Pare, Kabupaten Kediri (Kajian Sosiopragmatik)". (Skripsi tidak diterbitkan). Surabaya: Jurusan PBD-FBS-Unesa  
 Gunarwan, Asim. 2007. *Pragmatik Teori dan Kajian Nusantara*. Jakarta: Penerbit Universitas Atma Jaya  
 Ibrahim, Abd. Syukur. 1993. *Kajian Tindak Tutur*. Surabaya: Usaha Nasional  
 Ibrahim, Abd Syukur. 1994. *Panduan Penelitian Etnografi Komunikasi*. Surabaya: Usaha Nasional  
 Ihromi, T. O. 1984. *Pokok-pokok Antropologi Budaya*. Jakarta: PT Gramedia  
 Kiliaan, H. N. 1919. *Javaansche Spraakkunst*. S-Gravenhage: Martinus Nijhoff E.  
 Kridalaksana, Harimurti. 2001. *Kamus Linguistik (Edisi ketiga)*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama  
 Muhammad. 2011. *Metode Penelitian Bahasa*. Jogjakarta: Ar-Ruzz Media  
 Moleong, Lexy J. 2010. *Teknik Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya  
 Nababan, P.W.J. 1987. *Ilmu Pragmatik*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Direktorat Jenderal Pendidikan Tinggi Proyek Pengembangan Lembaga Pendidikan Tenaga Kependidikan  
 Nadar, F.X. 2009. *Pragmatik dan Penelitian Pragmatik*. Yogyakarta: Graha Ilmu  
 Padmosoekotjo. 1987. *Paramasastra Jawa*. Surabaya: Jaya Murti  
 Poerwadarminta, W.J.S. 1953. *Sarining Paramasastra Djawa*. Jakarta: Noordhoff Kolff N.V  
 Prijohoetomo, M. 1937. *Javaansche Spraakkunst*. Leiden: E.J. Brill  
 Rusydi. 1985. *Kosa Kata Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Jakarta  
 Sam Mukhtar Caniago, dkk. 2007. *Pragmatik*. Jakarta: Universitas Terbuka

- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2011. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua
- Schiffirin, Deborah. 2007. *Ancangan Kajian Wacana*. Yogyakarta: Pustaka Belajar (Editor: Abd. Syukur Ibrahim)
- Setyawan, Deni Eko. 2012. "Tindak Wicara Ngongkon". (Skripsi tidak diterbitkan). Surabaya: Jurusan PBD-FBS-Unesa
- Sholihah, Mar'atus. 2013. "Tindak Tutur Ngabarai ing Desa Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo". (Skripsi tidak diterbitkan). Surabaya: Jurusan PBD-FBS-Unesa
- Subalidinata, R. S. 1994. *Kawruh Paramasastra Jawa*. Yogyakarta: Yayasan Pustaka Nusantara
- Subroto dkk, Edi D. 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Wacana University Press
- Sudaryanto, dkk. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Basa Jawa
- Tarigan, Henry Guntur. 2009. *Pengajaran Pragmatik*. Bandung: Angkasa
- Titscher, Stefan. 2009. *Metode Analisis Teks & Wacana*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Wijana, I dewa Putu. 1996. *Dasar-Dasar Pragmatik*. Yogyakarta: Andi Offset
- Wijoyanto, Danang. 2014. "Tindak Tutur Atur Panuwun ing Desa Dermosari, Kecamatan Tugu, Kabupaten Trenggalek". (Skripsi tidak diterbitkan). Surabaya: Jurusan PBD-FBS-Unesa
- Yule, George. 2006. *Pragmatik (Kajarwakake dening Rombe Mustajab)*. Yogyakarta: Pustak



**UNESA**

Universitas Negeri Surabaya